

## BILTEN ENFÒMASYON SOU VAKSEN

## Vaksen Hib

## Sa Ou Bezwen Konnen

(Haemophilus  
Influenzae Tip b)Many Vaccine Information Statements  
are available in Haitian Creole and other  
languages. See [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)Anpil Bilten Enfòmasyon sou Vaksen yo  
disponib an Kreyòl Ayisyen ak nan lòt lang.  
Ale sou sitwèb [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)

## 1 Poukisa pou mwen vaksinen?

Maladi *Haemophilus influenzae* tip b (Hib) se yon maladi grav moun pran akòz bakteri. Anjeneral li afekte timoun ki poko gen laj 5kan. Li ka afekte adilt yo tou ki gen sèten pwoblèm sante.

Pitit ou kapab gen maladi Hib lè li bòkote lòt timoun oswa adilt ki ka gen bakteri yo san yo pa konnen sa. Jèm yo simaye ant yon moun ak yon lòt moun. Si jèm yo rete nan nen oswa gòj timoun nan, pwobableman timoun nan pap vin malad. Men pafwa jèm yo simaye nan poumon yo oswa nan sikilasyon san an, epi answit Hib kapab lakòz kèk pwoblèm grav. Sa a rele maladi Hib kap simaye.

Anvan te gen vaksen Hib, maladi Hib se te kòz prensipal menenjit bakteryen sou timoun ki potko gen laj 5kan nan Etazini. Menenjit se yon enfeksyon pawa sèvo a ak mwal epinyè a. Li kapab lakòz domaj nan sèvo epitou li kapab lakòz moun vin soud. Maladi Hib kapab lakòz tou:

- nemoni
- gòj la anfle yon fason ki grav, sa ki fè li difisil pou moun nan respire
- enfeksyon nan san an, nan jwenti, nan zo yo ak nan kouvèti kè a
- lanmò

Anvan te gen vaksen Hib, apeprè 20,000 timoun nan Etazini ki potko gen laj 5kan te gen maladi Hib chak ane, epi apeprè 3% – 6% nan timoun sa yo te mouri.

Vaksen Hib kapab anpeche moun gen maladi Hib. Depi yo te kòmanse itilize vaksen Hib, kantite ka maladi Hib kap simaye te diminye pa plis pase 99%. Anpil lòt timoun ta gen maladi Hib si nou ta sispann vaksinen yo.

## 2 Vaksen Hib

Gen anpil mak komèsyal vaksen Hib diferan ki disponib. Pitit ou ap resevwa swa 3 oswa 4 dòz, selon ki vaksen yo ba li.

Anjeneral yo rekòmande dòz vaksen Hib nan laj sa yo:

- Premye Dòz: laj 2 mwa
- Dezyèm Dòz: laj 4 mwa
- Twazyèm Dòz: laj 6 mwa (si li nesesè, selon mak komèsyal vaksen an)
- Dòz Final/rapèl: laj 12–15 mwa

Yo ka bay vaksen kont Hib anmenmtan avèk lòt vaksen yo.

Yo ka bay vaksen Hib nan yon vaksen ki melanje. Vaksen melanje yo fèt lè de (2) oswa plis kalite vaksen melanje ansanm nan yon sèl piki, yon fason pou yon vaksinasyon kapab bay pwoteksyon kont plis pase yon maladi.

Anjeneral timoun ki gen plis pase laj 5kan ansanm avèk adilt pa bezwen pran vaksen Hib. Men yo ka rekòmande l pou pi gran timoun oswa adilt yo ki gen maladi aspleni oswa anemi falsifòm, anvan operasyon an pou retire larat yo oswa apre yon grèf mwèl zo. Yo ka rekòmande l tou pou moun ki gen ant 5kan a 18tan ki gen VIH. Mande doktè ou pou li ba ou detay yo.

Doktè ou oswa moun kap ba ou vaksen an ka ba w plis enfòmasyon.

## 3 Kèk moun pa ta dwe pran vaksen sa a

Yo pa ta dwe bay tibebe ki poko gen laj 6 semèn vaksen Hib.

Yon moun ki pa janm gen yon reyaksyon alèjik ki te menase lavi li apre li te pran yon dòz vaksen Hib, OSWA si li fè yon alèji grav nan nenpòt pati vaksen sa a, li pa ta dwe pran vaksen Hib. *Di moun kap ba ou vaksen an si ou gen nenpòt alèji grav.*

Moun ki pa malad anpil ka pran vaksen Hib. Moun ki malad nan fason modere oswa grav ta dwe pwobableman rete tann jiskaske yo geri. Pale avèk espesyalis swen sante w si moun kap pran vaksen an pa santi w twò byen nan jou yo pwogram vaksen an.



**4****Risk pou gen reyaksyon nan yon vaksen**

Avèk yon vaksen, menm jan avèk nenpòt medikaman, gen yon chans pou pasyan an gen efè segondè. Anjeneral, efè segondè sa yo piti epi yo ale poukont yo. Reyaksyon grav yo posib tou men yo ra.

Pifò moun ki pran vaksen Hib pa gen okenn pwoblèm avèk li.

**Ti Pwoblèm** apre vaksen Hib la:

- po kò vin wouj, chalè, oswa kote moun nan te resevwa vaksen an nan kò li anfle
- lafyèv

Pwoblèm sa yo pa komen. Si pwoblèm sa yo rive, anjeneral yo kòmanse yon ti tan apre vaksen an epi yo dire 2 jou oswa 3 jou.

**Pwoblèm ki kapab rive apre nenpòt vaksen:**

Nenpòt medikaman ka koze yon reyaksyon alèji grav. Kalite reyaksyon konsa apre yon vaksen ra anpil, yo estime a mwens pase 1 ka sou yon (1) milyon dòz, epi sa ta rive kèk minit oswa kèk èdtan apre moun nan fin pran vaksen an.

Menm jan avèk nenpòt medikaman, gen yon ti chans pou yon vaksen koze yon chòk grav oswa lanmò.

Timoun ki pi gran, adolesan, ansanm avèk adilt ka genyen tou pwoblèm sa yo apre nenpòt vaksen:

- Pafwa moun yo pèdi konesans apre yon pwosedi medikal, ikonpri apre yon vaksen. Si ou chita oswa kouche pandan apeprè 15 minit sa kapab ede ou pou pa ni endispoze ni pran chòk lè ou tonbe. Fè doktè ou konnen si ou santi vètij, oswa fè doktè a konnen si vizyon ou chanje oswa si ou tande boudonman nan zòrèy ou.
- Gen moun ki gen gwo doulè nan zepòl epi yo gen difikilte pou yo fè mouvman avèk bra kote yo te pran vaksen an. Sa pa rive souvan.

Yo toujou kontwòle sekirite vaksen yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb: [www.cdc.gov/vaccinesafety/](http://www.cdc.gov/vaccinesafety/)

**5****Kisa pou mwen fè si mwen gen yon reyaksyon ki grav?**

**Kisa mwen ta dwe chèche?**

- Chèche nenpòt bagay ki konsène ou, tankou siy yon **reyaksyon alèjik grav**, lafyèv ki fò anpil, oswa chanjman nan konpòtman.

Siy yon reyaksyon alèjik grav kapab gen ladan itikè, figi anfle ak gòj anfle, difikilte pou respire, yon batman kè rapid, vètij ak feblès. Siy sa yo ta kòmanse nan kèk minit pou rive nan kèk èdtan apre ou pran vaksen an.

DCH-0449HC AUTH: P. H. S., Act 42, Sect. 2126.  
Translation provided by the Immunization Action Coalition

**Kisa mwen ta dwe fè?**

- Si ou panse se yon reyaksyon alèjik ki grav oswa si ou panse se yon lòt ijans ki pa kapab tann, rele 9-1-1 oswa mennen moun lan nan lopital ki pi pre a. Sinon, rele doktè ou.
- Apre sa, ou ta dwe rapòte reyaksyon nan Vaccine Adverse Event Reporting System (VAERS) (Sistèm pou Rapòte Reyaksyon Negatif Vaksen). Doktè ou ta ka fè rapò sa a, oswa ou kapab fè li poukont ou sou sitwèb VAERS nan [www.vaers.hhs.gov](http://www.vaers.hhs.gov), oswa ou kapab rele nimewo **1-800-822-7967** pou fè sa.

VAERS pa bay konsèy medikal.

**6****Pwogram Nasyonal Konpansasyon pou Chòk nan Vaksen**

National Vaccine Injury Compensation Program (VICP) (Pwogram Nasyonal Konpansasyon pou Chòk nan Vaksen) se yon pwogram federal yo te kreye pou konpanse moun ki te ka pran chòk akòz sèten vaksen.

Moun ki kwè yo te ka pran chòk nan vaksen kapab chèche enfòmasyon sou pwogram nan ak sou fason pou yo fè yon reklamasyon. Pou fè sa, yo ka rele nimewo **1-800-338-2382** oswa yo ka ale sou sitwèb VICP nan [www.hrsa.gov/vaccinecompensation](http://www.hrsa.gov/vaccinecompensation). Gen yon delè limit pou prezante yon reklamasyon pou konpansasyon.

**7****Kijan mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?**

- Mande doktè ou. Li ka ba ou yon pake vaksen oswa sijere lòt sous enfòmasyon.
- Rele depatman sante lokal ou oswa depatman sante eta kote w ap viv la. **1-888-767-4687**
- Kontakte Centers for Disease Control and Prevention (CDC) (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi):
  - Rele nan **1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)** oswa
  - Ale sou sitwèb CDC an nan [www.cdc.gov/vaccines](http://www.cdc.gov/vaccines)

Yo pral voye enfòmasyon bay Michigan Care Improvement Registry pou ka pèmèt moun (yo) ki bay swen medikal gen enfòmasyon ki egzat sou estati vaksinasyon, evalyasyon vaksinasyon, ak orè you rekòmande pou vaksinasyon alavni. Moun gen dwa pou mande moun ki ba yo swen medikal pou yo pa voye enfòmasyon sou vaksinasyon nan Biwo Anrejistremant an.

**Vaccine Information Statement  
Hib Vaccine**

4/02/2015

Haitian

42 U.S.C. § 300aa-26

Office Use Only

